



Pou Piblikasyon Imedya: 05/11/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO ENSTRIKSYON AK RESOUS POU SIPÒTE
VAKSINASYON TIMOUN 5-11 AN YO NAN ETA NEW YORK**

*Nouvo sitwèb pou paran ak responsab yo gen repons pou kesyon yo poze
souvan, resous ak kote timoun yo ka vaksinen kont Covid-19 la*
ny.gov/Vaxforkids

*Depatman Sante a soti [gid klinik pou founisè swen sante](#) ki baze sou
rekòmandasyon CDC yo*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman yon nouvo sitwèb, gid klinik ak enfòmasyon ak resous siplemantè nan efò pou vaksinen timoun 5-11 an Eta New York yo kont COVID-19. Vaksen pedyatri COVID-19 Pfizer-BioNTech la, ki te otorize pa Administrasyon Manje ak Medikaman pou itilizasyon ijans lan nan Etazini epi ki rekòmande pa Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a ansanm ak Gwoup Travay Konsiltatif Klinik Eta New York la, te deja administre pa founisè eta a.

"Se moman nou tout t ap tann nan, opòtinite pou pwoteje plis timoun nou yo kont viris danjere sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap antre nan sezon fèt la, mwen ankouraje tout paran ak responsab pou kontakte pedyat ak doktè fanmi yo pou vaksinen timoun 5-11 an yo kont COVID-19 la. Finalman nou genyen vaksen sa disponib pou ede kenbe timoun nou yo, ansanm ak pwòch nou yo an sekirite ak an sante, epi li enpòtan ke nou pwofite de sa."

Gwoup Travay Konsiltatif Klinik Eta New York te ratifye deklarasyon CDC ak rekòmandasyon ofisyèl semèn sa, ki mande pwosesis minisye epi transparan ajans sante federal peyi nou an pou livre yon vaksen ki san danje epi ki efikas pou timoun nou yo. Yo twouve vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la—ki gen 1/3 dòz pase sa yo bay adolesan ak adilt yo— 90.7% efikas nan prevni COVID-19 nan timoun 5 a 11 an.

Doktè Depatman Sante Emily Lutterloh, Direktè Epidemi nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York, te deklare, "Antanke paran de timoun nan gwoup laj 5-11 an, mwen soulaje ke vaksen ki sove lavi sa disponib pou yo kounye a. Paran ak Responsab New York yo ka rete asire ke vaksen an san danje, efikas epi rekòmande pa pi bon ekspè sante ak medikal nan peyi a ak nan eta a. Depatman Sante a t ap travay di pou asire ke pedyat ak founisè Eta New York yo pare pou fè sa

yo fè pi byen pandan dòz yo ap rive: vaksinen timoun nou yo pou kenbe yo pwoteje, an sante epi an sekirite."

Gran rezo pedyat, doktè familyal, departman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye sou Plan Federal yo (Federally Qualified Health Centers, FQHCs), sant sante riral ak famasi yo rete pare pou vaksinen gwoup ki fèkkalifye sa, epi Departman an kontinye enskri plizyè santèn pedyat anplis ak lòt founisè swen sante atravè eta a - ki asire ke vaksen an gratis, disponib epi aksesib pou tout timoun New York. [Gid klinik](#) Departman Sante a te soti pou founisè swen sante yo.

Nan kad efò sa yo, pwogram konplè sa enkli yon kanpay edikasyon solid ki apiye kanpay [#GetTheVaxFacts](#) ki te lanse semèn pase a. [Nouvo sitwèb](#) pou paran ak responsab yo enkli nouvo enfòmasyon, kesyon yo poze souvan ak repons, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak responsab gwoup laj sa.

Nou ankouraje Nouyòkè k ap chèche fikse randevou vaksen pou timoun 5-11 an pou kontakte pedyat pitit yo, doktè familyal, departman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye sou Plan Federal yo (FQHC), sant sante riral, oswa famasi yo ki ka administre vaksen pou gwoup laj sa. Paran ak responsab yo ka vizite [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye kòd postal yo pa mesaj tèks bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn kote ki toupre yo. Asire ke founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa otorize pou gwoup laj sa. Nan moman sa, yo te itilize sit vaksinasyon an mas Eta New York yo aktyèlman pou moun ki gen laj 12 an ak plis, pandan sit tanporè [#VaxToSchool](#) yo konsantre sou moun ki gen 12- a 17 an. Pwogramasyon ak evènman siplemantè ki konsantre sou timoun 5 - 11-an yo ap anonse nan pa lontan.

###

Lòt nouvèl ki disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418